

RETABLISMAN

LEVANJIL JEZIKRI A





BONDYE SE PAPA EMAN OU KI NAN SYÈL LA

Bondye se Papa ou ki nan Syèl la. Li konnen ou pèsònèlman epi li renmen ou plis pase ou ka konprann. Li vle ou gen kè kontan nan lavi sa a ak nan letènite a.

Pou akonpli objektif sa a, Papa nou ki nan Syèl la te bay yon plan ki rele **levanjil*** Jezikri a. Jezikri se Pitit Gason Bondye; lavi li ak ansèyman l yo se gid pou jwenn lapè nan lavi sa a ak lajwa nan letènite.

Papa nou ki nan Syèl la pote retounen—retabli—verite divin ke ou ka aprann epi viv. Verite sa yo te revele bay pwofèt yo depi nan kòmansman an.

LEVANJIL LA BENI FANMI YO AK CHAK MOUN ENDIVIDYÈLMAN

Levanjil Jezikri a beni tout moun ki aksepte li epi k ap viv li. Youn nan pi bon kote pou anseye epi aplike levanjil la se nan fanmi yo. Bondye etabli fanmi pou pote bonè bay pitit li yo, pou pèmèt nou aprann prensip ki kòrèk yo nan yon atmosfè lanmou, epi pou prepare nou pou nou retounen al jwenn ni lè nou mouri. Menmsi relasyon ant fanmi ka difisil pafwa, Papa nou ki nan syèl la beni nou lè n ap eseye swiv ansèyman Jezikri yo. Ansèyman sa yo ede nou fòtifye fanmi nou.

PAPA NOU KI NAN SYÈL LA REVELE LEVANJIL LI A

Kòm pati plan li a, Bondye chwazi pwofèt, tankou Adan, Nowe, Abraam, ak Moyiz. Pwofèt yo:

- Anseye osijè Bondye epi yo se temwen espesyal Pitit Gason l lan, Jezikri.
- Resevwa **revelasyon**, oubyen direksyon nan men Senyè a.
- Anseye levanjil la bay mond lan epi yo entèprete pawòl Bondye.

*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19.

Pwofèt yo resevwa **Prèttriz** la, oswa otorite pou pale epi aji nan non Bondye pou dirije pitit li yo. Moun ki swiv pwofèt yo resevwa benediksyon Bondye pwomèt yo. Moun ki rejte levanjil la ak pwofèt Bondye yo pèdi benediksyon sa yo epi yo separe tèt yo avèk Bondye. Moun ki rejte pwofèt yo epi ki abandone angajman yo pou swiv Bondye yo nan yon eta yo rele **apostazi**.


Verite revele yo pèdi lè moun yo rejte pwofèt yo.

Menmsi anpil nan pitit li yo toujou ap rejte li menm ansanm avèk pwofèt li yo, Papa nou ki nan Syèl la kontinye renmen pitit li. Li vle bay nou chak tout sa nou bezwen pou nou

gen lajwa kounyeya epi pou nou retounen al jwenn ni apre nou fin mouri. Ekriti yo revele yon chema sou Bondye ki toujou ap lonje lamèn bay pitit li, malgre ke nou pa toujou koute:

- Bondye chwazi yon pwofèt.
- Pwofèt la anseye levanjil la epi li dirije pèp la.
- Bondye beni pèp la.
- Pèp la ti kal pa ti kal neglije oubyen dezobeyi ansèyman pwofèt la. Yo finalman rejte pwofèt la ak ansèyman l yo epi yo tonbe nan apostazi.
- Akoz apostazi a, pèp la pèdi konesans levanjil la. Yo retire otorite Prèttriz la nan mitan yo.
- Lè moman an bon epi moun yo pare pou swiv li ankò, Bondye chwazi yon lòt pwofèt, retabli Prèttriz la ak legliz la, epi dirije pwofèt la pou l anseye levanjil la.

*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19.





JEZIKRI TE ETABLI LEGLIZ LI A

Depi moman Kreyasyon an, pitit Bondye yo t ap tann vini Sovè a, Jezikri. Jan li te pwomèt la, Papa nou ki nan Syèl la te voye Pitit Gason l lan, Jezikri, sou tè a sa gen plis pase de mil ane.

Jezikri te viv yon lavi pafè, san peche. Li te etabli legliz li a, anseye levanjil li a, epi akonpli anpil mirak. Li te chwazi douz gason pou te vin **Apot** li, ladan yo Pyè, Jak, ak Jan. Li te anseye yo epi li te bayo otorite Prèttriz la pou anseye nan non li epi pou akonpli **òdonans** sakre, tankou **batèm** yo.

Lè Jezi te etabli legliz li a, li te resevwa enstriksyon nan men Papa nou ki nan Syèl la. Epi li te enstwi disip li yo. Jezi te anseye moun ki t ap suiv li yo ke revelasyon soti nan men Bondye sete wòch sou ki li t ap bati legliz li a

Nan fen lavi li, Jezikri te soufri epi li te mouri pou peche tout moun ki te viv oubyen ki ap gen pou viv sou tè a. Sakrifis sa a rele **Ekspyasyon** an. Pa soufrans li, lanmò li, ak **Rezirèksyon** li, Sovè a rann posib pou nou jwenn padon. Moun ki gen lafwa nan li, ki repanti, epi kenbe kòmandman l yo resevwa padon pou peche yo epi yo ranpli ak lapè ak lajwa.

Jezikri te òganize legliz li a:

- *Li te apse epi òdone Apot.*
- *Li te bayo otorite pou anseye epi batize. Otorite sa a rele Prèttriz la.*
- *Aprè lanmò li ak rezirèksyon li, li te kontinye gide Apot yo atravè revelasyon.*

*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19.

Aprè Rezirèksyon li, Jezikri te gide Apot li yo atravè revelasyon. Bib la rakonte plizyè fason kote li te kontinye dirije legliz li a (gade Travay 10; Revelasyon 1:1). Konsa Legliz Jezikri a te dirije pa Bondye e non pa pa lèzòm.

GRAN APOSTAZI A

Aprè lanmò Jezikri, moun mechan yo te pèsekite epi yo te touye anpil manm legliz. Gen lòt manm ki te lage prensip Jezikri ak Apot li yo te anseye yo ti kal pa ti kal. Yo te touye Apot yo,

epi otorite Prètriz la—ansanm avèk kle pou dirije epi resevwa revelasyon pou legliz la—te soti sou tè a. Paske legliz la pa t dirije pa otorite Prètriz la ankò, erè te antre nan ansèyman legliz yo. Bon moun ak anpil verite te

Avèk lanmò Apot Jezikri yo, verite a te pèdi yon fwa ankò.

rete, men levanjil la, jan li te etabli pa Jezikri a, te pèdi. Peryòd sa a rele Gran Apostazi.

Apostazi sa a te mennen fòmasyon anpil legliz ki te gen ansèyman kontradiktwa. Pandan tan sa a, anpil gason ak fi te chèche laverite, men yo pa t kapab jwenn ni. Anpil bon moun te kwè nan Bondye ak nan Jezikri epi yo te eseye konprann epi anseye laverite, men yo pa t gen plenitud levanjil la oswa otorite Prètriz la. Kòm rezilta, chak jenerasyon te eritye yon eta apostazi pandan ke moun yo te enfluyanse pa sa jenerasyon anvan yo te transmèt yo, ladan yo chanjman nan levanjil Kris la.

Gen kèk moun enspire, tankou Martin Luther ak John Calvin, ki te rekonèt ke pratik ak doktrin yo te chanje oswa pèdi. Yo te eseye refòme legliz yo te fè pati yo. Sepandan, san otorite Prètriz la, levanjil Kris la pa t ka retounen nan fòm orijinal li. Yon **retablisman** te nesesè.

*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19.

Bondye te konnen t ap gen yon
apostazi. Atravè yon pwofèt Ansyen

Testaman an, li te di:

*“Gade, jou yo ap vini ...kote mwen pral
voye grangou nan peyi a, non pa yon
grangou pou pen, ni swaf dlo, men
grangou pou tandè pawòl Senyè a.*

*“Epi [moun yo] apral ere soti nan yon
lanmè al nan yon lòt, soti nan Nò al nan
Lès, yo pral kouri pasi pala pou chèche
pawòl Senyè a, men yo pap jwenn ni.”*

Amòs 8:11–12



RETABLISMAN LEVANJIL LA

Nan lane 1820, jan li te fè atravè tout listwa, Papa nou ki nan Syèl la te chwazi yon pwofèt ankò pou retabli levanjil la ak Prètriz la sou tè a. Non pwofèt sa a sete Joseph Smith. Pandan l te jèn ti gason, Joseph te gen konfizyon akòz diferans nan mitan anpil legliz nan zòn ni an epi li te vle konnen ki legliz ki te bon an. Konesan ke li te manke bon konprann, li te swiv konsèy ki nan Bib la, “ Si yon moun pami nou manke bon konprann, se pou li mande Bondye, ki bay tout moun san mezire epi pou granmesi; epi Bondye va ba li li.” (Jak 1:5).

Joseph Smith te deside mande Bondye kisa pou l te fè. Lè Joseph te priye pou l te konnen laverite a, Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri te parèt devan li. Jezi te di Joseph pou l pa t antre nan okenn nan legliz yo, paske, “yo youn pa t bon” epi “Yo pwoche kote mwen avèk bouch yo, men kè yo lwen mwen, yo anseye kòmandman lèzòm pou doktrin, ki gen yon fòm pyete, men yo niye puisans la.” (Joseph Smith—Histoire 1:19).

Jan Bondye te fè avèk Adan, Nowe, Abraam, Moyiz, ak lòt pwofèt yo, li te aple Joseph Smith pou l te vin yon pwofèt atravè ki levanjil konplè a te retabli.

Joseph Smith te wè Papa nou ki nan Syèl la avèk Jezikri. Apwopo eksperyans sa a, li te di:

“Mwen te wè yon kolòn limyè egzaktman anlè tèt mwen, ki te pi klere pase solèy la, ki t ap desann sou mwen, ti kal pa ti kal jiskaske li te tonbe sou mwen...

“Lè limyè a te rive poze sou mwen mwen te wè de Pèsonaj, ekla yo ak glwa yo depase tout deskripsyon, ki te kanpe anlè tèt mwen nan lè a. Youn ladan yo te pale avèk mwen, li te rele m pa non mwen epi li te di, pandan li t ap montre m lòt la avèk dwèt li—”Sila a se Pitit Gason Byeneme m nan. Koute li!”

Joseph Smith—Histoire 1:16–17

Retablisman Prètriz la

Nan lane 1829, Joseph Smith te resevwa menm otorite Prètriz ke Jezikri te bay Apot li yo. Jan Batis, ki te batize Jezi, te parèt devan Joseph Smith epi li te bali **Prètriz Aawon** an, oubyen Prètriz ki pi piti a. Pyè, Jak, ak Jan (twa nan premye Apot Jezikri yo) te parèt apre devan Joseph Smith epi yo te bali **Prètriz Mèlkisedèk** la, oswa Prètriz ki pi wo a.

Apre li te fin resevwa otorite Prètriz la, Joseph Smith te dirije pou òganize legliz Jezikri a ankò sou tè a. Atravè li, Jezikri te aple Douz Apot ankò.

Jezikri te voye Jan Batis epi apre sa twa nan Apot li yo pou bay Joseph Smith otorite Prètriz la.

Menmjan Jezikri te dirije Apot li yo atravè revelasyon apre Rezirèksyon I lan, li kontinye dirije legliz la jodi a atravè pwofèt ak apot vivan. Prezidan Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo se pwofèt ki chwazi pa Bondye jodi a. Li menm, konseye I yo, ak Douz Apot yo

detni otorite Prètriz ki te detni pa tout pwofèt ak apot tan anvan yo. Moun sa yo se pwofèt, vwayan, epi revelatè.

*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19.





LIV MÒMON AN

Kòm pati Retablisman levanjil la, Bondye te fè parèt Liv Mòmon an: Yon lòt temwayaj konsènan Jezikri. Pa pouvwa Bondye, Joseph Smith te tradui liv sa a apati ansyen anal ki te ekri sou plak lò. Liv Mòmon an se “is-twa relasyon Bondye avèk ansyen abitan Amerik yo epi li genyen totalite levanjil etènèl la” (entwodiksyon Liv Mòmon an).

Liv Mòmon an se yon temwayaj pwisan konsènan Jezikri. Li ede nou konprann ansèyman l yo, ansanm avèk sa ki nan Bib la.

Liv Mòmon an se prèv konvenkan konsènan Retablisman levanjil la atravè Joseph Smith. Ou ka konnen pou tèt pa ou si Liv Mòmon an vre. Pou akèri konesans sa a, ou dwe li li, medite sou mesaj li, epi anvi konnen si se vre. Ou dwe mande Papa nou ki nan Syèl la pou konfime ke se pawòl li. Si ou fè sa, l ap revele ba ou atravè **Sentespri** a ke li vre.

Lè ou vin konnen ke Liv Mòmon an vre, w ap vin konnen pa Sentespri a tou, ke Joseph Smith sete yon pwofèt Bondye, ke levanjil Jezikri a te retabli atravè li menm, epi ke Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo dirije pa yon pwofèt ak apot jodi a.

Ou ka konnen si sa misionè yo anseye a se verite si ou li epi priye osijè Liv Mòmon an:

“Epi si ou mande avèk yon kè sensè, avèk senserite, si ou gen fwa nan Kris la, l ap montre ou se verite, avèk pouvwa Sentespri a.

“Epi, avèk pouvwa Sentespri a ou kapab konnen si nenpòt bagay se verite.”

Mowoni 10:4-5

*Definisyon mo an wouj yo nan paj 18 ak 19.

KIJAN M KA KONNEN?

Ou ka konnen si mesaj sa a se verite. Si ou mande Papa ou ki nan Syèl la nan lapriyè, ou ka resevwa yon repons nan men li atravè Sentespri a. Yo rele Sentespri a Lespri Bondye tou, epi youn nan wòl li se ateste, rann temwaya konsènan laverite.

Kijan pou m priye?

- *Adrese ou ak Papa ou ki nan Syèl la.*
- *Eksprime santiman ki nan kè ou (gratitid, kesyon, demann pou konfime verasite Liv Mòmmon an ak sa misyonè yo anseye yo).*
- *Fini (“Nan non Jezikri, amèn”).*

Konesans sa a ka mirakile epi li ka chanje lavi, men abitylman li vini tankou yon asirans pezib, san demonstrasyon espektakilè, sou pouvwa Bondye. Sentespri a konfime verite a atravè santiman, panse, ak enpresyon. Jan yo anseye nan Bib la, “fwi Lespri a se lanmou, lajwa, lapè, pasyans, jantiyès, bonte, fidelite, dousè, [ak] tanperans” (Galat 5:22–23).

Santiman sa yo ki soti nan Sentespri a se revelasyon pèsònèl pou ou konnen ke levanjil Jezikri a jan li retabli atravè Joseph Smith la vre. Lè sa a w ap bezwen chwazi si ou pral viv ann amoni avèk konesans ou resevwa a.



LIS TÈM YO

Apostazi. Lè moun endividyèlman, legliz, oubyen nasyon tout antye renonse oubyen abandone levanjil Jezikri a. Apostazi mennen divizyon, konfizyon, ak pèt otorite Prètriz la, oswa dwa pou aji nan non Bondye a.

Apot Tit Jezikri te bay douz mesye li te chwazi antanke asosye ki pi pwòch li yo pandan ministè li sou tè a, ke l te bay otorite pou aji nan non l lan. Nan tan modèn yo, Jezikri aple douz lòt moun pou sèvi antanke Apot li. Menmjan ak nan tan lontan, yon Apot se yon temwen espesyal Jezikri epi li gen otorite li resevwa nan men Li.

Batèm Yon etap esansyèl nan resevwa padon pou peche. Atravè batèm ak konfimasyon pa otorite Prètriz la, nou vin manm Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo. Batèm dwe fèt pa imèsyon, ki vle di moun ki batize a plonje nan dlo brèfman. Batèm montre dispozisyon nou pou swiv egzanp Kris epi pou fè alyans avèk Bondye.

Ekspyasyon (Sakrifis Ekspyatwa) Evanman ki pèmèt nou rekonsilye avèk Bondye. Ekspye se sibi pinisyon pou peche, epi konsa retire efè peche yo sou pechè repantan yo. Jezikri sete sèl moun ki te kapab fè yon Ekspyasyon pafè pou tout limanite. Ekspyasyon li a gen ladan soufrans li pou peche nou yo, vèsman san li, ak lanmò li ak Rezirèksyon li. Gras avèk Ekspyasyon an, tout moun ki viv ap resisite. Ekspyasyon an banou yon mwayen pou nou jwenn padon pou peche nou yo epi pou nou viv pou tout tan avèk Bondye.

Levanjil Plan Papa nou ki nan Syèl la pou ede nou gen lapè nan lavi sa a ak lajwa nan letènite. Levanjil la santre sou Ekspyasyon Jezikri a epi li mande nou pou nou gen lafwa nan li, repanti, batize, resevwa Sentespri a, epi pèsevere jiskalafen.

Òdonans Yon ak ofisyèl sakre ki akonpli pa otorite Prètriz la. Batèm se yon egzanp òdonans.

Prètriz Otorite ak pouvwa Bondye. Bondye bay lòm pouvwa sa a pou aji nan non li. Prètriz Aawon an te retabli bay Joseph Smith pa Jan Batis, ki te batize Jezi a. Prètriz Mèlkisedèk la te retabli pa Pyè, Jak, ak Jan, twa nan Douz Apot Jezi yo.

Prèttriz Aawon. Prèttriz ki pi piti a. Prèttriz sa a gen ladan otorite pou batize epi li rele daprè Aawon nan Ansyen Testaman an nan Bib la.

Prèttriz Mèlkisedèk Prèttriz ki pi wo a oubyen ki pi gran an. Li rele daprè Mèlkisedèk nan Ansyen Testaman an nan Bib la, ki sete yon gran prèt epi yon wa plen fidelite.

Retablisman Fè yon bagay vini jan l te ye a; reetabli li, mennen l tounen ankò. Apre verite ak otorite te fin pèdi soti sou tè a, levanjil la te retabli atravè Pwofèt Joseph Smith. Retablisman an diferan avèk refòm nan sans ke *refòm* vle di modifye yon òganizasyon ki egziste oubyen fè yon efò pou retounen li nan eta li te ye anvan, pandan ke *retabli* vle di re etabli oubyen renouvle òganizasyon orijinal la oswa egzèse li nan tout totalite li.

Revelasyon Kominikasyon ant Bondye avèk pitit li, abityèlman atravè Sentespri a. Moun ka resevwa revelasyon pou gide lavi yo, men se sèlman pwofèt ki chwazi pa Bondye ki ka resevwa revelasyon pou tout mond lan. Revelasyon vini sou plizyè fòm, men pifò nan li vini sou fòm panse, santiman, ak enpresyon.

Rezirèksyon Apre lanmò fizik, reyinyon lespri a avèk kò fizik chèn ak zo pafè a. Jezikri sete premye moun ki te resisite.

Sentespri Li rele Sentespri, Lespri Bondye, ak Konsolatè a tou. Li rann temwayaj sou Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri epi li revele epi anseye laverite.

ETID ADISYONÈL

Kesyon ak ekriti ki swiv yo ape de ou aprann plis sou prensip ki nan bwochi sa a epi medite sou yo. Lis la pa detaye; nòt referans yo ak referans kwaze yo nan ekriti yo ap dirije ou pou w jwenn pasaj ak dokimantasyon adisyonèl.

Kisa sa vle di pou ou ke Bondye se Papa ou ki nan Syèl la?

Malachi 2:10 (Bib, Ansyen Testaman)

Ebre 12:9–10 (Bib, Nouvo Testaman)

Ki wòl yon pwofèt? Poukisa li enpòtan pou konnen ke Bondye pale avèk pwofèt yo?

Amòs 3:7 (Bib, Ansyen Testaman)

Jakòb 4:4–6 (Liv Mòmòn an, paj 124)

Kisa sa vle di gen otorite Prèttriz la? Kijan yon moun ka resevwa otorite sa a?

Matye 10:1 (Bib, Nouvo Testaman)

Jan 15:16 (Bib, Nouvo Testaman)

Kisa ki rive lè otorite sa a pèdi?

Amòs 8:11–12 (Bib, Ansyen Testaman)

1 Nefi 13:24–29 (Liv Mòmòn an, paj 25–26)

Èske Apot Jezi yo te konnen gen yon apostazi ki t ap rive?

Travay 20:28–31 (Bib, Nouvo Testaman)

2 Tesalonik 2:2–3 (Bib, Nouvo Testaman)

2 Timote 4:3–4 (Bib, Nouvo Testaman)

Kisa sa vle di pou ou ke levanjil Jezikri a te retabli atravè Joseph Smith?

Temwayaj Pwofèt Joseph Smith la (bwochi)

Kisa Liv Mòmmon an ye? Nan ki fason li se yon temwayaj konsènan apèl Joseph kòm pwofèt?

Liv Mòmmon an premye paj

Liv Mòmmon an entwodiksyon

Ki wòl Sentespri a?

Alma 5:45–47 (Liv Mòmmon an, paj 221)

Mowoni 10:3–5 (Liv Mòmmon an, paj 529)

ADORE AVÈK NOU

VINI EPI GADE KIJAN LEVANJIL RETABLI
A KA BENI LAVI OU



Reyinyon Sentsèn nan se sèvis adorasyon prensipal la. Abityèlman li dire yon ti kras plis pase innèktan epi li abityèlman gen bagay sa yo ladan:

Kantik: Chante pa kongregasyon an. (Yo bay liv chan.)

Priyè: Ofri pa manm legliz yo.

Sentsèn: Pen ak dlo beni epi distribye bay asanble a an souvni Ekspyasyon Jezikri a.

Oratè: Abityèlman youn oubyen de manm asanble a yo bay tach anvan sa pou pale sou sijè levanjil yo.

Abiyè: Gason ak ti gason jeneralman abiye an kostim oubyen bèl pantalon avèk yon chemiz ak kravati. Fi yo ak ti fi yo abiye avèk rad oswa jip ak kòsaj.

Yo pa mande don pandan sèvis adorasyon yo.

Nou envite ou pou w vini nan lòt reyinyon yo tou, selon sa k entere ou epi selon laj ou. Lòd reyinyon sa yo ak disponiblite yo ka varye.

Lekòldimanach: Klas pou etidye ekriti yo ak doktrin levanjil yo.

Reyinyon Prètriz: Klas pou gason ak ti gason nan laj 12 zan ak pi gran.

Sosyete Sekou: Klas pou fi apati laj 18 tan.

Jènfi: Klas pou ti fi nan laj 12 rive 18 tan.


Primè: Gwoup sèvis ak klas pou timoun nan laj 3 zan rive 11 zan. Yon gadri pou timoun nan laj 18 mwa rive 3 zan souvan disponib.



Lè Reyinyon Sentsèn nan: _____

Adrès chapèl la: _____

Kisa pou m fè?



- Li Liv Mòmon an.

Lekti ki sigjere: _____

- Priye pou konnen si Joseph Smith sete yon pwofèt epi si Liv Mòmon an se pawòl Bondye.

- Ale legliz.

- Detèmine si w ap swiv Sovè a pou ou batize.

Dat batèm: _____

- Vizite www.mormon.org pou aprann plis osijè levanjil retabli Jezikri a.

- Kontinye rankontre avèk misyonè yo pou aprann plis osijè verite Bondye retabli atravè pwofè tan modèn yo.

Pwochen randevou: _____

Non ak nimewo telefòn misyonè yo:

LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DÈNYE JOU YO

www.mormon.org

Imaj

Sou do a: Mouton Bondye a, pa Del Parson. © Del Parson. Pa kopye
Paj 5: Detay soti nan *Pwofèt Ezayi te predi nesans Kris la*, pa Harry Anderson
Paj 6: Detay soti nan *Kris k ap òdone Douz Apot yo*, pa Harry Anderson
Paj 13: Detay soti nan *Retablisman Prètriz Mèlkisedèk la*, pa Kenneth Riley
Paj 14: Detay soti nan *Jezi vizite Amerik yo*, pa John Scott

HAITIAN



4 0201196036 4

01196 036